ӨТЕГЕН АЙЖАНОВ



# МИЙРИМЛИ БАЛА

*Гүррицлер*

НӨКИС
1992

www.ziyouz.com kutubxonasi

84 кар 7 Ө. Айжанов. Мийримли бала. Гүррињлер.
А-36 Нөкис: «Қарақалпақстан» 1992. 44 бет.

Қарақалпақ әдебиятында роман жанрының пайда болыўы ҳәм раўажланыўында жазыўшы Өтеген Айжановтың «Арал қушағында» шығармасы айырықша салмақлы орынлардың бирин ийелейди.

Жазыўшы Ө. Айжановтың гүррињлери де журтшылыққа кеңнен мәлим. Оқыўшыға терең ой салатуғын гүррињлери бүгинги күнге шекем өз қунын жоғалтқан жоқ. Бул китапшада автордың буннан 30-40 жыл бурын жарық көрген гүррињлери жәрияланып отыр. Гүррињлерди оқыған ҳәр бир оқыўшы ериксиз ойға талады ҳәм ибарат алады.

А $\frac{4803270100 - 000}{М-357 (04) - 92}$ 75—92

ISBN 5 —8272-1266 — 0

© «Қарақалпақстан» баспасы 1992

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МИЙРИМЛИ БАЛА

Мен бул баланы ҳүрметлеймен, өйткени ол мениң сезимимди оятты.

Бир күни анам қолыма тарғыл баспақтың бас жибин услатты да:

— Атызға апарып отлатып кел, —деди.

Бул атыз деп атыз емес, бирақ баспақ отлатыўға болатуғын жер еди.

Аўылдың балалары менен анамның буйрығын орынлаўға кеттим.

Бизлер бәҳәрдиң узақ күнин далада өткериўге қумармыз. Бул дем алыс күнимиз еди. Жер масатыдай дөнип, көк шығып қалған. Үлкен балаларға еликлеп, мен де баспағымды узын жипке арқанлап қояман.

Бизиң төбемизден көк аспан төңкерилип қарайды. Қапталымыз тереклик.

Бизлердиң бетимизден сыйпап бәҳәрдиң салқын самалы еседи. Аспандағы ақшыл бултлар әсте ғана жылжып, усы самалдың алдына түседи. Олардың баратуғын жери бизлерге таң қаларлық нәрседей болып көринеди. Мениң жасым сегизде, үлкен балаларға еликлеп, үйимнен орақлы келетуғын едим.

Есигимиздиң алдында еки түп тут ағашы өсип турады. Ол онша бийик емес, бирақта анам оның төбесине миниўге рухсат етпейди. Быйыл тутымыз ерте гүлледи, мийўасы ҳәзирдиң өзинде-ақ жеўге болады. Жеўге болады деп айтыўдың өзи жақсы, себеби. Мен анамның Усылай айтқанын жақсы көремен. Өйткени гейде ықласым кететуғын еди. Бирақ, бир де пискени аўзыма түспеди, мениң байқаўымша мийўаның ең әўели уша басы писеди екен, ал анам тутымыздың уша басына миниўге рухсат етпейди, қолымның жеткен жердеги аўзыма дәм бермейди.

Бир куни баспағымды отлатып келсем, усы туттың



www.ziyouz.com kutubxonasi

түбинде турған бир баланы көрдим. Ол бир нәрсеге қапаланған пишинде тур. Қара көзи жаңа ғана жылаған баланыкиндей мөлдирейди. Еки қолын артына қайырып, кишкене бир банканы услап тур. Ол мени көрип, қорыққан адамдай үнсиз турып қалды. Ол өзиниң не мақсет пенен жүргенин сездиргиси келди, бирақ мен оның менен сөйлеспестен үйге кирип кеттим. Арадан еки минут өтпей-ақ тағы шықтым. Мен ол бала әлле қашан қашып кеткен шығар деп ойлаған едим. Бала қашпапты. ол мениң менен танысқысы келгендей, аўзын жыбырлатып маған бир нәрсени айтып турғандай болып көринди. Мен анамнан:

— Мына баланың жумысы бар ма? — деп сорадым. Анам балаға да, маған да итибар бермей;

— Қойшы, бала болған соң жүргенди дә, —деди ҳәм мениң қолыма бир шөректи услатып:

— Шырағым, суў үйдиң түбине келди. Атызға ашып жибер, — деп өтинди.

Анамның бул сөзин еситкенде, жаңағы бала шыдап тура алмай. ол маған қарап, салмақлы даўыс пенен:

— Қәлесең мен саған жәрдем ете аламан. Бирге барыўға бола ма? — деп сорады.

Мен оның бул сөзин өзин ақлаў ушын айтып тур екен деп түсиндим. Өйткени, ол мүмкин, бизиң тутымыздың миййўасын урлаўға келген шығар деп те гүдиклenгенмен. Бирақ баланың жедел қыймылы ҳәм пысықлығына таң қалып, усы жаман ойымнан тез айныдым да:

— Жүр!— деп оған буйырдым

Бизлер екеўлеп атызға суў аштық. Енди бул бала кетип қалар-аў деген ой менен қолымдағы шөрегимниң жартысын оған услатып:

— Рахмет! — дедим.

Бала нанды алды. Бирақ кетпеди, ол маған узақ қарап турды. Мең және гүдиклене басладым. Оның қара көзи тағы жас басқандай болып көринип тур. Бир нәрсе дәметкендей, қолындағы банкасын суқ бармағы менен шертип турды. Мен көзимниң асты менен оған қарадым. Оның сөйлеўге тартынып турғанын байқадым, өйткени, ол күтә жас еди. Шама менен алты-жети де болса керек. Ең ақырында бала мениң алдыма, жақын келип, жалынышлы түрде:

— Тутыңыздан алыўға мүмкин бе? — деп сорады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сораўға мен таң қалғаным жоқ. Өйткени, бизиң туттан басқа, аўылларда ҳеш қандай миўалар пискен жоқ еди. Сонлықтан бул бала бир ҳәўес еткен екен-аў деп ойлап рухсат еттим.

Бала үлкен адамлардай маған қарап басын ийди де, ўақты хош болып, туттың басына шықты. Ол тез келгенин жула берместен, ағарып пискенин таңлап алды да. өзиниң банкасына терип сала баслады.

Ол жерге түсти. Миўадан бир де түйирин аўзына шертип салмады. Оның бул ислери мени тағы ҳайран қалдырғанлықтан:

— Тоқта, сен буны үйиңе апарып жейсең бе? — деп сорадым.

Бала тоқтап, мениң бетиме қарады да, сөзин бузбастан былай деди:

— Буны өзи жеў ушын алып атыр деп ойлайсаң ба? Ҳай, жора, олай емес. Бизиң папамыз көп ўақыттан бери аўырыў еди. Кеше доктор келип, оған: «Миўа жеўиң керек. Сениң қаның азайған. Мазалы миўа қаныңды көбейтеди ҳәм тез арада жазылып кетесең», — деди,. Мине, мен сол ушын да бул жерге келип едим. Бизиң папамыз жазылып кетсе жора, бахтымыз ғой...

Ол кеўилли түрде күлимсиреп, аяғын шаққан басты да, банкасын еки қолы менен услап, жолына түсти. Оны тут ағашы ҳәм мен узатып қалдым.

## ПАЛЬТО

Айнасы түсликке қаратылған жарық, кең бөлмениң ишинде үстине узын көк мақпалдан шапан кийип, наўқас бир адам жатыр. Қапталында сырты ақ пенен қапланған еки-үш көпшик тур. Жайдың иши тынышлыққа бөленген. Өзинен басқа сылт еткен жан жоқ. Қарсы алдындағы бөлмениң ишинен де дыбыс еситилмейди, айтарлықтай өзгерген көринислер де көринбейди. Наўқас адам күтпеген жерден:

— Ойнама. Сениң пальтоныңды шешетуғын мени ким деп ойлап едиң — деген суўық даўысты еситти. Жигитлер, сизлердиң орныңыз бул жай емес, анажақта. Сонда барыңлар.

Сол қолына протез кийген орта жасларға барған бир киси оннан кеширим сорағандай басын ийди.

— Мениң жағдайым сизге де мәлим шығар деп өтинип едим. Кешириңиз...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Болды. Сөзди көбейтпейик. Мəлим болса мəлим шығар. Бирақ мен ресторанда турған швейцар емеспен ғой, гез келген адамның пальтосын шешип, үстине ийис суў қуятуғын.

Мырзабектиң даўысы барған сайын бəлентирек шыға берди.

Наўқас киси бурылып қарап, қолы жоқ жигиттиң мүлайым түрде оған: «Мен мүтəжлаў болғаннан соң айтып едим»—деп муңайып турғанын көрди. Оның соңынан басына папақ кийген, жумалақ жүзли Мырзабектиң мурнын жыйырып қарап, күлип турғанын да абайлады.

— Əттең өзим саў болсам, — деп наўқас адам демин тартып гүрсинди.

Соның арасында даладан «киятыр» деген даўыс есптилди.

— Келип қалғаны ма?! Қудайым-аў, мениң оны билмегеним қалай, — деди Мырзабек өзинен-өзи. Ол наўқас адамның сөзине қулақ аспастан асығып-ҳаўлығып, майданға қарай зытты.

Бүгин Сержан ағаның үйинде той. Ол елиў жасқа шыққанда уллы болды. Қуўанышы қойнына сыймаған Сержан аўырыўын қуўанышына жеңдирип, үйине қонақ шақырып той бермекши. Сөз жоқ, бул тойға көзге көринип, абройы ел арасына таралған ири баслы хызметкерлер де келеди. Журтқа шақырыў қағаз жаңа ғана жазылып атырғанда-ақ. Мырзабек бул жерге келип, жас үлкенниң хызметине тақ турды. Недəўир ҳəмели де бар еди. Бул ҳəмелди усындай үлкен мерекеге келген бир жас үлкенниң үстинен пальтосын шешип, таза лап, қайтадан оның жаўырнына кийгизип, киши пейил көринип, қолына қондырып еди. Еки-үш ҳəпте болды. үстинен сөз көтерилип, оның усы ҳəмелине қəўип туўды. Биразлар орнынан босатыў керек деп тийисли жерлерге мəселе көтерди. Усының изи бир бəлеге соғар деп қорыққан Мырзакеңниң, Сержанның үйине ерте келип, хызметине тақ турыўының мəниси тойға келген бир жас үлкенди илип түсириў еди. Ақсақалдың рейими түсе кетсе, мүмкин, жыллы орыннан тез арада қозғай да қоймас, деген ойы бар еди.

Мырзабектиң басы ҳəр дайым жақсы ислейди. Ал, бул жола адам айтқызғандай жақсы иследи. Ол кия-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тырған қонақларды көзи менен санап турып, орта бойлы кисиге қарап тәп берди. Өзиниң еки көзи төрт болып күткен адамы да усы еди. Бул областьлық партия комитетиниң жуўаплы хызметкерлериниң биреўи — Муратов еди. Мырзабектиң өз тили менен айтқанда, жарылқайтуғын да ғарғайтуғын да усы адам.

Оның үстине кийгени узын, көк жағалы пальто еди, Мырзабек шыдап тура алмайды. Бирақ машинасы тез ход алып кетсе де, сәл иркилип ойланып қалды. «Бул кисини жолдас дегеннен көре, мен оны ақсақал деп сөйлегеним мақул болар. Өзи емес, сақалын да, ақ басқан шашын да, жер басқан оның аяғын да ҳүрметлеўге тийислимен».

Гейпара ўақытлары машиналар ход алмай турыптурып, бир мәҳәли гүрр ете қалады ғой, Мырзабек те тап сондай гүрр етип, ақсақалдың қарсы алдына шығып, еки қолын жайып турып алды. Күлкиси келмесе де күлгендей болады.

— Сиз ушын таярланған жай мынаў, -деп жылпжылп етти де, көк есикти көрсетти. — Ал бизге пальтоныңызды берип кетесиз, ақсақал. Мырзабектиң еки қолы жайыўлы тур. Бирақ Муратов көргенли басшы еди. Оның бул сөзине онша итибар бере қоймай өзи менен өзи бола берди. «Мениң жаңағы сөзимди еситпей қалды» деп ойлады Мырзабек. — Ақсақал, сиз ушын бөлме арнаўлы тур. Рухсат етиңиз мен сизди шешиндирейин...

Ол қолын тағы алдына созып, Муратовқа жақынлады. Муратов қасындағы әлле биреўге сыбырлады. Мырзабек буны көрип қалып, оғанда жабысты.

— Кеширесиз, мен сизди, — деди ол, Муратовтың сыбырласқан жигитине жақынлап, Бирақ бунық шофер екенин, Муратовтың оған не тапсырып атырғанын еситип, қолын бирден тартып алды. Ишинен «әлле қайдағы көргенсиз шофердиң пальтосын сиди болмаса шешип алыўға бел байлағаным не? Сақлай гөр!» деп ойлап, оган жақынлаўға қорықты.

Тағы да әўелги әдетине салды.

— Қысылмаңыз, әўели өзим бир шешип алайын, — деди Муратов. «Шешип алғаннан кейин маған береди екен» деп қуўанды Мырзабек.

Ал, ақсақал пальтосын шешип болып, бир қолынан екинши қолына аўыстырды. Оған дейин Мырзабек-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиң жаны шығып кете жазлады. гүллан бахыты Мура-товтың қолындағы усы пальтода турғанда көз алды булдырлап кетти.

— Рухсат етиңиз, тап, мына жерге.... —деди ол басын дизесине, дейин ийип, пальтоға жабысты.

«Бул маған буншама неге жабысады екен, —деп ойлады Муратов. — Шешиўге келсе өзим де шеше аламан. Сондай-ақ бойым да қысқа емес, илдириўге жетеди».

Ол тек өзине ғана түсиникли түрде күлимсиреди. Буның, қай, күлки екенин Мырзабек түсине алмай оның қолындағы пальтоның енди жағасына асылып, аўзына түскен бир нәрселерди айтып жиберди:

— Бул солай ғой, жолдас Муратов. Жоқ — а, ақ-сақал. Қолыңыздағы мына пальтоны... өзи аўыр ма деймен... Сизиң қолыңыз талды ғой...

Мырзабек басын дизесине дейин тағы бир рет ийип, Муратовтың алдын кес-кеследи. Журт Муратовқа қарап турып қалды.

— Сизде бар қол менде де бар. Мүмкин болса рухсат етиңиз өзим-ақ жайына илдирип қояйын буны.

Ол усыны айтты да пальтосын өзи илдирип, Мырзакеңниң бетине екинши рет бурылып қарамастан көпшиликке араласып, бөлмеге кирип кетти.

Мырзабек не қыларын билмей, суўдан шығып қалған балықтай аўзын ашып қала берди...

## ЖАҒАЛЫ ПАЛЬТО

Папасының қолындағы мына бир әжайып пальто үш қызының да көзиниң отын алып тур.

— Меники, — деди, ең үлкен қызы Тамара даў салып.

— Жоқ, меники, — деди ортаншы қызы Клараның да қәпелимде кийгиси келе кетип.

Папасы қызларынан буны күтпеген еди. Себеби ол кишкене қызы Минараға әкелип еди. «Бул екеўи оны билмейди екен, — деп ойлады ол. — Мен бул үшеўин тамаша етейин».

— Қызларым, берман қараңлар, — деди папасы.- Қайсысың көп күлсеңлер, пальтоны соған беремен.

Қызлары буған инанып қалды. Бирақ Тамара ишиннен: «Не ушын көп жылайтуғын адамға бермейди. Онда



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен мына екеўинен де арттырар едим» деп ойлады. Ал, Клара: «Бизиң папамыз қандай әжайып адам! Өкпелеўге келсе мен бәринен де озар едим. Кеше өкпелегеним сондай азанғы наnымды талтүсте жедим».

Минара сөйлегенде, ҳеш нәрсени ойлаған да жоқ, өйткени оған жаңа ғана алты ай болды.

— Ал баслаймыз, — деди папасы. — Бир..

Тамара мыйығын тарта баслады. Бирақ сол заматтың өзинде-ақ ашыўланып қалды.

— Жеңилдиң. —деди папасы. —Гезек енди Клараға тийисли.

Кларапың күлкиси келип-ақ тур еди. Папасы: «Ал, басла» деўге келмей-ақ мамасының бүгин азанда Тамараға бир конфета артық бергени ядына түсип кетип өкпелеп қалды.

— Гезек Минараники. — деп жәриялады. папасы сөйтти де оған қарап саўсақларын жыбырлатты ҳәм бир нәрселерди айтып күлимсиреди. Минара күлди. үсти-үстине күлди... Оның күлгени сондай, өзиниң еки апасы да қосылып күлиўге мәжбүр болды. Бирақ екеўи де Минараның бул күлкисине түсине алмады. «Мүмкин ол пальтоны алыў ушын шыны менен-ақ күлип турған шығар?»

Сөйтип пальтоны Минара кийип алды. Ол кийип алған соң да тыйылып қалған жоқ. Папасына, мамасына, апаларына ҳәттеки үйине келген қонақларға да қарап баяғыша күле берди. Оның үстине саламатлығы күтә жақсы.

## ЖОҒАЛҒАН КОНФЕТА

Тамара азанғы шайдың мәҳәлинде өзиниң жеп отырған конфетасын жоғалтты. «Бир алса Толик алады» деп ойлады оған тигиле қарап.

Тамара өзиниң папасына қарады. Бирақ жоғалтып алған конфетасы ҳаққында айтыўға бата алмады. Неде болса оны урлаған адамды табыўға болады. Минекей өзиниң қасында үлкен еки ағасы отыр.

Ол Толик пенен қәпелимде айқаса кетти.

— Меники! Мынаў! —деди Тамара оның билегинен услап. — Сениң жеп отырғаның мениң конфетим ғой.

Толик үкесин оғада жақсы көретуғын еди. Бирақ бул жола оның жаласына шыдамай бақырып жиберди. Тамара сонда да оны жаздырмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Меники! Меники!

Толик бул жаладан қутылмасын билди де, жеп отырғанынан басқа тағы еки конфетаны Тамараның мурнының астына тақады.

— Мынаў да сеники ме?

— Бер, — деди Тамарa уялмастан.

Араларына папасы түспегенде олар және даўласатуғын еди.

— Қызым, конфетаңды умытып басқа бир жерге қойып жүр ме?

— Аўа, умытарман,—деди Тамара өзине-өзи таңланып. — Толиктиң қолындағы меники.

— Умытпасаң мынаў не? — деди папасы. кесениң түбине қатып қалған конфетаны көрсетип.

Буны көргенде бәри: ағалары, анасы бирден күлип жиберди. Ал Тамара болса уялғанынан кроватьтың астына тығылды.

## ТЕЛЕФОН

— Қарағым, Алма, — дедим. Еле есимде, бизиң үйге келген бир ғарры жас қызларды «қарағым» лап сөйлеген еди. Соған еликлеген менде де қыз туқымына «қарағым» деп сөйлеў керек деген уғым пайда болған.

— Қарағым, Алма, баяғы мең жазған хатқа сен неге жуўап жазбайсаң?

Қыздың түси бузыла қалды да, бирден:

— Қорқаман! Ол хаққында сорамашы, — деди.

— Меннен қорқасаң ба?

— Қойшы, қандай баласаң өзиң? Қоймасаң бар ғой, мен апама айтаман.

— Айтарсаң. Мен жуўырғыштан ғой, апаң келемен дегенше қашып кетейин!..

— Бизиң апам сеннен де жуўырғыш, қуўып жетеди,

— Сениң маған барғың келе ме?

— Апа! Мына бала маған жаман сөз айтады!

Алманың даўысы қатты еситилди. Апасы елирип үйинен тысқа шықты да жерди сабалай баслады. Елерген көзден шын қорқып, үйге қарай ушып киятырман. Табаным жер илмейди. Араны тәуирақ аштым дегенде ғана артыма бир қарап едим. қуўғыншым жерди еле сабалап тур. екен. Мени жерден алып, жерден салып атырғанына көзим жетип турса да, илажым қанша,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мурнымды шуқылап, тилимди тислеп, жөниме кете бердим.

Бул жаслық шағым еди. Жаңа оянған бир сезимниң сәўлеси мени еликлетпей қоймады. Еле есимде, еки қуты бос шырпыны тесип, жип өткерип, телефон ислеп ататуғын едик. Таққан жибиң томпақ болыўы керек, рас айтаман, сөйтте тыңлап көр, мине деген телефон болып шыға келеди. Туў, бул қандай жүрек десеңши, қыз бенен сөйлесиўге де батылымыз жетеп еди! Сол сезим Алма менен келисе алмай тарқасқан күннен бери мениң жүрегимнен орын алды. Ол раслап қашады, мен оннан раслап қашпайман. Бирақ бетпе-бет сөйлесиўге екеўимиздиң де бетимиз шыдататуғын емес. Уяламыз, Неде болса оның менен телефон арқалы сөйлеспесе болматуғнына көзим анық жеткен соң, еки саат жумыс ислеп, о деген /өзимше «о» болып шықты/ телефон ислеп алдым. Шыйырып, жиплерин қалтама салдым да Алманы излей басладым. Бундағы ойым- оған илгери бир жазған хатым бар еди. Соған жуўап сорамақшыман. Бул хаттың текстин ҳәзир айтыўға жүрегим даўалар ма екен? Жақ даўмайды? Несин сорайсыз? Ол неше жола өширип, неше жола әлле биреўлердиң сөзлеринен көширилип жазылған үлги еди ғой... Деген менен ҳәзирги жаслардың жаңа оянған сезими сыяқлы, мениң де Алмаға деген сезимим адам таң қалғандай әжайып еди!

Алма бир нәрселерди ылайдан ислеп, үйиниң қасында отыр екен. Көре сала көкирегимди керип, жөтеле қойдым. Анасы болмаса қыздан қорықпайтуғыным рас, еки қолымды шалбарымның қалтасына тығып жиберип, тәкәппырланып, оның қасына келдим. Ол мәҳәлде қыз бенен қалай сөйлесиўди билмейтуғын едим. Бир мәҳәлде:

— Мынаўың не? —деп сорады, Алма. Бир өзи ойнап зерикти ме, я мени сағынып қалды ма телефонды услап турған қолыма қарады да, гиршиксиз сүйир мурнын шыйыра қойды. Қыздың бунысы маған бундай жақпас! Расынан келдим. Бирақ тәкаппырланып турман:

— Телефон! Мени сендей болып ылайға урынады деппе едиң?

— Им... Им, —деп Алма үлбиреген еки уртын маған қарап томпайта қойды. Оның үстине қара көзин



www.ziyouz.com kutubxonasi

ойнақшытын жибергени—сол тып-тынық қара көз усы күнге дейин мениң жанымды жейди!

— Кел, сөйлесейик?

«Пах, бундай қолайға түспес» дедим ишимнен, қуўанып турсам да балалық қыялға берилип шеберлигимди, уқыплы екенимди бир көрсетип таслағым келди де:

— Өйтип сен сөйлесе аласаң ба? —дедим. Ол:

— Сөйлесе аламан! Бирақ мениң айтатуғын сөзим жоқ.. — деди.

Тағы не ылаң шығарды, деймен ишимнен, күйип кеттим. Сөйтип турсам да қашып кете ме деп қорқып, үндемей тилимди тиследим де:

— Мен де сөз көп, Алма. Жүдә көп... Сол-ақ екен, телефонның бир қулағы (қулақ емес, шырпы ғой) дәрриў оның қолына илинди. Мен усти-үстине сөйлей басладым. Сөз басын «қарағым» нан баслап едим. (ойымда жақсы көреди деген сезим турған) қәпелимде даўысым әсте шыға қойды. Өжет қыз есите алмай қалды. Соған буўлығып телефонды ылақтырып жибериўди ойлап турды да:

— Бул не? Қатты сөйлеўге апамнан қорқасаң ба?— деп сорады ол.

— Мен ҳеш кимнен де қорықпайман!

— Сонда қатты сөйле дә. Бақырып жибер!

— Алма!

— Еситип турман. Күтә жақсы еситилди, —деп қуўанды Алма. Буны аўзына телефон қулағын тутпай-ақ сөйледи, маған да еситилип тур. Соған қарағанда бизиң сөзлеримиз жип арқалы емес, былайынша-ақ еситилип турған сыяқлы екен. Жүрегим туўлап тур. Тап неде болса айттым!

— Сен мени сүйесең ғой, солай ма Алма?

Қызда тағы бир түрли албыраўшылық пайда болды.

— Қойшы, ондай сөзди айтсаң бар ғой, уят болады.

— Уят болар, жүдә Айтпақшы, сениң апаң мени көрсе және ура ма, —деп бир қырын тарттым мен.

— Мен урғызбайман. Сен түнәў күни сонша неге қаштың, қорықтың ба?

— Мен ҳеш кимнен де қорықпайман. Алма!

Қыз селк ете қалды.

— Қорқып кеттим ғой.

— Сен қорқақсаң, ә?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен бе? Тапқан екенсең, қорқпайман!

— Онда мениң хатыма неге жуўап жазбайсаң?

Алма маған қарап:

— Ал қашып кетемен... Айттым ғой жаңа уят болады деп...

— Қашпа, сорамай-ақ қояйын, —дедим.

Биз енди телефонды қойып мәмилеге келип сөйлестик. Бирақ көп узамай-ақ даўға тағы да кирисип кетиппиз. Алма ернин шыйырып, бир нәрселерди айтып өзинше сөйлейди. Жыламсыраған дай да болады. Оның ойынша мениң хат жазыўым уятта, оның жуўап жазыўы бәринен де уят нәрсе! Мениң де шамам беп-белгили. Оннан кейин қысынып турғаным жоқ. Жер сызып ўақты-ўақты биреўди излегендей тум-тусқа қарап қояман. да, баяғы сөзге тағы келемен: Қыз «қыйт» десе мениң қарамды бир-ақ көретуғын еди. Әттең нетесең, оның ойына бул ис келмепти ғой. Оның есине келмеген еледе көп нәрселери бар еди. Ол: «Сөйтип, меннен не сорайсаң» десе; буның изин дүзеп әкететуғын күш мен де бар деп ким айта алар? Тек мениң аўзыма түскен сөз: — уят болар, жүдә. Усыны айтаман да бир нәрсе айтар деп дәмелене бердим. Басқа сөз есиме киримте шықпады , қайтама тығылып, орынсыз күле де бериппен. Неге уят болады? Өмирдиң бул сырына түсинигим аз. Қыз өжет, қолымды қағып жиберип өзине жуўытпайды. Бирақ бир жақсы жери қашпайды. Соған қарағанда мени иштен унатады екенсең-аў деген ой бар менде. Сөйтип дәслепки оянған сезимниң етегине оралған биз екеўимиздиң «Уят болады»мыз, бир топ баланың қулағына шалынып қалыпты. Көрген жерден олар:

— Әй, ол қыздың қолын неге таўлайсаң,—деп мени ортаға алмасы бар ма? Алма қашып кетти. Ал мен сорлы «патруллердиң» қолынан зорға дегенде жаздырылдым. Оның менен коймай телефонымды тартып алды. Ойымда: сорлатты-аў әбден, енди рас телефон болмаса бәрин де усылай етип тартып ала береди деген ат басындай жаслықтың наразылығы кетти. Усы ойымды Алмаға тағы бир ушырасқанымда айтып едим, ол маған ақылы кирип қалған, бой жеткен қыздың сөзин айтты:

— Рас телефонның даўысы қулағымызға жеткен күни биз екеўимизди бахытлы деп есаплайық. Марат!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Минекей, маған сол күннен баслап бахытым рас телефонның қулағында турғандай болып көринди.

* * *

Талай өмир өзгерислери болып өтти. Бул ўақытта аўыл-район, қала болды. Жас күшке толды. Ғарры кексе тартты. Бизге де Алма айтқан бахытқа жетиў ушын булдыр белеслерден асыўға туўра келди. Өмир өз айтқанын ислеп тынды. Минекей, қылтыйып қылаў сыяқлы муртта шыға баслады. Буны көпсинип жүргенде еки жақтың үсти менен «ата сақал» тап берди. Бундай өзгерис менде емес, Алмада да болыўға тийисли деймен ишимнен. Көрмегениме талай жыллардың жүзи болды. Мен кеткенде сүйриктей саўсақлары әлле қандай ҳалда екен деп бет-әлпетин көз алдыма елеслете алмай тынышым тарылып киятыр.

Поезд әсте жүрип Хожели станциясына келип тоқтады. Журт вагоннан түсип атыр. Түскенлер өз үйине, ал биразлары қалалық мийманханаға қарап кетип баратыр.

Минекей, мен тийисли мийманхананың 5-бөлмесинде отырман. Иши салқын, оның үстине таза. Өз алдыма телефоным бар. Көзиме оттай басылды. Қасына келип блокнотыма жақында ғана бир жолдасымнан сорап жазып алған бир үйдиң номерин излестире басладым.

— Алло! Квартира. Алмамысаң?—Қулағыма таныс-ҳаялдың даўысы шалынды. Буны Алма шығар деп қуўана баслап едим, ол емес, баяғы мени қуўатуғын оның апасы болып шықты.

— Шырағым, ол кеңседе ғой, телефоны 3-43. Қайсы баласаң?

— Аўыл балаларымыз, шеше.

— Аўыл баласы болсаң, Алманы неге билмейсең?

— Билсек те, сорағанымыз.... Телефонның трубкасын усы абыройымның барында орнына жыллылай апарып қойдым. Нетесең. Алма болып ҳәзир бетпе-бетке келгенде изинде талай қызықлары бар еди-аў, деймен ишимнен. Сөйтип турсам да кемпирдиң «неге билмейсеңнен» Алма әлле биреўдиң сүйгилиги болып қалған ба деген бир суўық сезим жүрегиме орала кетти. Бундай жерде өзиңди жақсы услаўың керек, мен де изин күтейин деп өзиме тәселле берип, жубаттым.

Алманы кабинетинен таптым. Ол мениң бул жер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге келгенимнен хабарсыз екен, еситс сала миймаихаиаға келетуғынын өзи айтты. Бундай қуўанбаспан!

Алма айтқан ўақтында келди. Биз салтанатлы түрде қол алысып көристик. Бул ўақта оның ойынында не бар екенин қәйдем, ал мениң ойымда баяғы жаслық дәўирдеги жалынлы тилек, бийик-бийик әрманлар жататыр еди.

— Сөйтип оқыўды питкердиң бе? — деп сорады Алма бираз тыныспадан кейин, — Сени Москвада қалар ма деп қорқып едим.

— Жоқ усында. Ал, өзиңе жол болсын?

— Усындаман. Поликлиникада врачпан. — Алма иркилип қалды да аяғының астынан бир нәрсе излегендей төмен қарады.

— Телефонда неге айтпадың, бәлким күтип алар ма едик, — деп өз өкпесин айта баслады. Бир қарасам қоңыр көзи түнжырап тынған екен, ақлана басладым. Сөз ретине қарағанда оның да медицина институтын питкерип келгени усы быйыл екен. Мен де Москвадан жетиксиз алты жыл дегенде келип отырман. Бизиң бир-биримизге өкпе-гийне ететуғынымыз усы: буның тағы астары бар. Мен оны ерге шықты деп ойласам, ол мени ҳаял алды деп қәўипленген екен. Олай емеслигине екеўимиздиң көзимиз жаңа ғана жетти. Бираз әңгимеден кейин кеўилде қылаў усламай ашылысып сөйлестик.

— Ой, арадан көп жыллар өтти-аў, — деп Алма ойлы пишинн менен күлимсирей баслады. —Есиңде шығар. Рас телефон менен бир сөйлессем дейтуғын едиң ғой!

— Есимде, бәри де есимде, Алма.

— Апам-ше?

— Есимде, бәриде есимде,—Парша.

— Мени қуўатуғын кемпир ме, әлбетте есимде. Оннан кейин, жазыўын жазып, жуўабына келгенде уят болды дейтуғын да едик -аў.

— Ҳа.... ҳа.... Бәри де есиңде екен, —деп орнынан ушып турды да: алдымдағы телефонды маған қарай қолы менен нусқады. — Сол сөзиңди телефонда ҳәзир айтшы, жуўабым тайын.

— Алочка! — дедим мен қыздың көзине күле қарап, оның қолын шап берип усладым. — Ҳәзир телефонсызақ жүрегимниң еркин айтыўға батылым жететуғын сыяқлы!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз көзинде сөнбес от жанып турды. Мен сол отқа қумарлана қарадым.

## СУДТА

— Суд мәжилисин ашық деп жәриялайман. Судта Айтбай Өтемуратовтың арзасы қаралады. Бул истиң гүўасы төртеў, — деди халық судьясы орнынан турған бойдан — Пухара Атабаев, сиз гүўа қатарында берген жуўабыңызда толық және анық етип ҳеш нәрсе де айта алмағансыз. Сизиң ойыңызша жәбирлениўши ким, усыны суд қурамының билгиси келеди.

— Парахат, айта бер, албырама, — деди қара пәреңнен келген жасы жигирма бесте, орта бойлы, гөнелеў болса да ықшам кийинген бир келиншек.

— Япырмай, неге тартынасаң? Қудайым-аў, усындай жерде де сөйлеўге қысыныўға бола ма? Судтың алдына мениң усы менен алты мәртебе келиўим, булар жақсы халық. Оның үстине әдил.

Судтың қоңыраўы шыңғырлады. Келиншек гүўалардың бетине телмирип қарап, өзине керекли сөзди күтип турып қалды.

— Жәбиркеш усы, — деди Атабаев.

— Аўа, мен, әнекей журт та билип отыр, — деди келиншек.

Судтың қоңыраўы тағы да шыңғырлады.

— Айтпақшы, сизиң атыңыз ким еди?

— Бекбийке. Әкемниң аты Султан.

— Пухара Султанова, сизиң өз ериңизден ажырасыўыңызға не себеп болды.

— Ажырасыўға айыплы мен емес, оның өзи ғой. Ҳүрметли судья кеширерсиз, мен халық судьясы усылайша айтаман. Өйткени мен жәбиркешпен. Минекей, бир қарап қойыңызшы, берекет тапқыр, ҳүрметли судьялар-аў, — деди Бекбийке, үстине кийген ала шыт көйлегин көрсетип. Үп-үлкен инженердиң келиншегине усы да кийим болып па?

— Жәнжел көйлектиң үстинен шықты ма?

— Онда үлкен мәнис бар, ҳүрметли судья. Аўа, көйлектиң үстинен шықты. Ол мениң үсти басыма қарамады.

— Сөз гүўаға бериледи. — деп жәриялады судья.

Гүўалар бул истиң не менен питерин билмесе де, болған истиң мән-жайын судьяларға айтып берди. Бирақ, қалған үш гүўаның сөзи Бекбийкени қанаатлан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дырмады. Олардың бәри жәбиркешти Бекбийке емес, оның ери Айтбай деп көрсетпе берди.

— Қалайынша? Ой қудайым-аў, мына журтқа бир нәрсе көринген шығар, — деди Бекбийке. — Алты айдан бери арза берсем, болмай ма? Ақыры болмаған соң арза берип отырман, айыплы оның өзи деп жаңа ғана айттым ғой.

— Қосылғаныңызға алты ай болды ма, — деп сорады судьялар.

— Аўа, алты ай. Ол маған не ис ислеген жоқ, ҳүрметли судья.

— Ол дегениң ким, ериң бе?

— Кешириңиз, мен еримди усылай айтатуғын едим. Минекей көрдиңлер ғой, — деп Бекбийке екинши мәртебе көйлегин көрсетти, — үстиме илип алардай қалғаны ҳәзир тек усы ғана. Тап усы күнлерде мендей болып бир көйлек пенен жүрген ҳаял бар ма?

— Нағыз жәбиркеш усы, — деп тастыйықлады биринши гүўа.

— Көрген жәбирлиңизди айтың, — деп сорады судья.

— Ҳаў, бул қалай? Ҳүрметли судья, сиз де еле билмейди екенсиз ғой, — деди Бекбийке иши-баўыры жылып. — Ол мениң көйлегимди отқа өртеп жиберди. Мен көйлексиз емес едим, усының себебинен ғана ҳәзир көйлексиз болып отырман, кеширерсиз.

— Өртеген мен емес, өзиң, — деди Айтбай.

— Өзиң? Аўа, ал өзим, сениң қырсығың тиймегенде ол не болмайтуғын еди. Ҳүрметли судьялар, — деп сөзин баслады Бекбийке. — Мениң өз үйимнен әкелген еки штамповка, үш эпиўайы шайыдан тигилген көкирек бүрме көйлегим бар еди. Буған келгеннен соң да крепдешиннен еки келте жең көйлек, сайрайманнан алты қыйық етип, еки узын жең көйлек тағы тиктим. Усы көйлекти журттың бәри сыртымнан да, бетиме де мақтап жүрди. Денеме қуйып қойғандай шап-шақ еди. Бир күни үйде отырып, ишим писип кетти. Жумыс ислеўге қолым бармады. Кеширерсиз, мен жасымнан жумыс ислеўге үйренген адам емеспен. Әўелги күйеўим де жумыс исле деп айтып көрди. Мен оған: «Сизлердиң арқаңызда жумыс мениң не ҳәжетим? Бир ҳаялдың тамағын таппасаңлар малақай кийип не қыласыз», — деп қоятуғын едим. Кешириңиз, ҳүрметли судья, әўелги сөзимниң даўамын айтайын. Сөйтип кеўлиме



www.ziyouz.com kutubxonasi

унаған көйлегимди кийип алып парктиң ишинде олай-да-булай да жүрдим. Айтбай болса командировкада, бир буўат ақшаны да қалтама сала шыққанман. Оған не аларсаң, саат кешки жетилер шамасы еди. Еле паркке адамлар да толық жыйнала қоймаған. Ишим писип кетти. Өйтип-бүйтип күн де батты-аў. Адамлар келе баслады. Бир мәҳәлде қарасам бир ҳаялдың үсти күнниң нурындай жарқ-журқ етип баратыр. Мен аяғымды шаққанырақ басып оның изинен жүрдим. Ол ҳаял[1] да мен қаттырақ жүрген сайын изине жеткермейди. Ең ақырында жетип алып, «сениң мына көйлегиң жақсы екен, қайдан алдыңлар?», — десем, ол маған қарап: «Рахмет, күйеўим кешеги өткен байрамда байрам сыйлығы деп әкелип еди» — деди... Күйеўиң не жумыста еди? «Әйтеўир жай рабочий». «Ал өзиң қай жерде ислейсең?» «Өзим ҳәрип териўшимен». Басқа сөзге келместен тап сол жерден үйге қайттым. Жол бойы ойлағаным: «Журт қандай бахытлы? Күйеўи рабочий. Ал кийип жүргени памбархат» деймен. Мениң ерим — инженер. Ал менде неге ондай көйлек жоқ?» Минекей, усы қапаланыўдың салдарынан, — деди Бекбийке, демин ишине тартып, — аўрыўға шатыла жазладым. Айтбай тезирек келсе екен деймен. Асыққанда күн өте ме, үш күннен кейин келди. Ал Айтеке, сен маған памбархат әпер, болмаса үйиме кетемен дедим жорта, оны қорқытайын деген ой менен. Ол қорқыўдың орнына ыржыйып күлип: «Кететуғын болсаң ойласып қәйтесең», — дейди. «Әпересең бе, жоқ па?» — деп отырып алдым. «Жаным, әперейин азырақ шыда», — деди. Соннан кейин әперди деп ойлайсыз ба? Жоқ, әперген жоқ, — деди Бекбийке, демин екинши мәртебе ишине тартып. — Мени алдаған екен. «Көйлегиң, бир басыңа аз да болса онлағаны бар ғой», — деп кейин тартады. Ашыўым келип кетти. Усы көйлеклер турғанда маған памбархат жоқ екен деп ойлап, шкафты аштым да барлық көйлегимди ошаққа тықтым. Жаздың күни ғой печьке от жағыла ма, бир мәҳәлде, «бизиң жайға от тийип атыр ма, қалай», — дейди мынаўым. «От емес, ол жанып атырған мениң көйлеклерим», — дедим мен. Минекей, ҳүрметли судьялар, усының себебинен мен барлық кийимлеримнен айырылып, тақыр гедей болып отырман. Қәнекей, ойлаңыз жәбирленген көйлегинен айырылған мен емес пе? Тағы да мен айыплы болсам?...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтбай судта сөз сөйлеген жоқ.

Суд өзинин қарарын оқый баслады:

— Пухара Султанованың арзасы дерексиз деп табылсын... «Судья пара алған екен» деп ойлады Бекбийке өз пәминше. Соннан кейин орнынан жай менен турып, өзине қадалған онлаған көзлерге қарап сөйлеп кетти:

— Бул қалай?. Мениң растан-ақ памбархатсыз қалғаным ба? Сизлер неге мениң арзамды аяқсыз қалдырмақшысызлар...

## ЖИЙЕН

Жолаўшылар минетуғын машинадан еки адам түсти. Биринши узын бойлы, өзи арықлаўдан келген, жасы елиў беслер шамасындағы, үстине қолдан тиктирген узын сырмақ кийген, сур дегелейли адам, екиншиси оннан гөре аласа бойлы, үстине кийгени сырты ҳөнерленген қынама постын, қоңыр түсли, сақал-мурты жаңажаңа тәп берип киятырған сулыўшық жас жигит. Екеўи де бул жердиң адамлары емес, узағырақтан өз тиллери менен айтқанда «жабаннан» киятыр. Узын бойлының аты — Бекбаўлы деген киси, қасындағы жалғыз улы — Өтежан еди, жақыннан бери тамағына бир жара түсип, жутындыра бермеген соң емлетиў ушын қаладағы үлкен докторларға алып киятыр.

Алды кеш болмаса да, машинадан түсиў бойына қонақ жер таўып алыў керек деген ой екеўиниң де басына келе кетти. Әкеси қойын қалтасына қолын тығып жиберди де, бир нәрсени излеп атырып:

— Өтежан, шырағым, мен оны жойтып алған усайман ғой. Әттегене-ай, сениң ядыңда жоқ па, ол баланың үйи қай көшеде еди, үйден шыққанда кеўлимде сайрап-ақ тур еди, нетесең, қалпал салынған-аў, түсип қалыпты.

— Нийетбай ағамды айтасыз ба, — деп сорады баласы, — оның көшеси... ядымда бар. «Театральная» емес пе?

— Сирә солай шығар, — деди отағасы келисип. Талай жылдан берли көрмеген жийенимниң үйи ғой ол. Усында бир үлкен жумыста ислейтуғын көринеди. Ол мәҳәлде сениң жасың онда еди, ҳәзир он сегизге шығасаң. «Дайысын қалай күтер екен-ә? — деп Бекбаўлы



www.ziyouz.com kutubxonasi

ойға шүмин киятыр. — Өзлериниң бала-шағалары да баршылық усайды. Өтежан-аў, қуры қол барғанымыз уят болар, шырағым, жолда дүкан-пуканға көзиң түссе, кампит-сампит ала жүрейик, дайым келди деп, жуўырып шығады ғой, қолларына услата қойыўға жақсы...

Гастрономға кирип, бир дорбадай нәрсе-қараны алып, олар тағы да жолға шықты.

— Нийетбайды сеннен кем көриў маған гүна, шырағым, — деди әкеси баласын сөзге уйытып. — Қашшанақ бир келермен деп, өзимше нийет етип жүрсем де анаў-мынаўым питпей келе алмай жүрген едим. Сағынады ғой. Жалғыз дайысын сағынбайтуғын қайда. Өзим-ше? Күни-түни жағым тынбай, соның атын айтаман да жүремен. Сениң жасыңды бир тилесем, оны еки тилеймен. Өйтпесем, туўысқан болғанымнан не пайда? Қалай, алған базарлығымыз аз болған жоқ па? Жийенлеримниң қолына пул да услатармыз, еки жигирма бес сомды бөлек салдым. Сени бүгин Нийетжан қыдыртады ғой шамасы... Уялып, бас тартып жүрме! Тамағың қалай, аўырмай ма? Илайым, сөйткей дә! Мен қыдырмайман, жийенлерим менен боламан. Олардың тиллери ҳәзир қызық ғой... Тыңлаған сайын тыңласам екен дейсең... Сен, мына биреўден сорап ал-шы! Биз адасып баратырған жоқпыз ба?

— Балам, Нийетжанның үйинен өтип кеткен жоқпыз ба?

— Қайсы Нийетжан?

— Тахтакөпирден көшип келген, мениң жийенимди айтаман дә!

— Көшеси қайсы?

— Өтежан, мына жигитке түсиндир-ши!

— Театральная...

— Оңға таман жүресизлер, анаў көринип турған бийик жайды көрдиңлер ме? Соның алдына қарап жүре бериңлер.

— Тәңир жарылқасын! Минекей, көрдиң бе? — деди отағасы баласына. — Оны көп жигитлер таныйтуғын усайды. Бул мениң бахытым ғой! Сени ертең-ақ үлкен доктордың алдына апарып, «мынаў маған жақын адам еди» деп таныт пас па? Сөйтпей не? Дайысының жалғызынан еки аўыз сөзин аясын ба? Айтпақшы, бүгин



www.ziyouz.com kutubxonasi

дайысын не менен сыйлар екен? Қуўырдақ берер ме екен? Я алдына бас қойып, қоңсы-қобалары менен таныстырар ма екен? «Минекей, көриңлер, мениң дайым келди!»

Отағасы қуўанышын қойнына сыйдыра алмай, жийениниң тап төринде отырғандай, оны көз алдына елеслетип, тағы бир нәрселерди айтпақшы бола бергенде, баласы қапталдан сөз қосып, әкесин қайтарып таслады.

— Қаншама мақтасаңыз да, сиз көрмеген сегиз жылдың ишинде бир мәртебе хат та жазбады ғой. Бир есаптан, оныкине барыўдың өзи де қәте.

— Келип турып па? Келип турып, шырағымды көрмей кет дейсең бе? Буның болмайды, балам, — деди әкеси қарсылық көрсетип. — Ал, хат жазбаса, оған да гүналаўға болмайды. Қолы тиймей жүрген шығар. Ақыры, ол хызметтиң адамы емес пе? Ал, өзиң ше? Оған неше мәртебе хат жазып едиң?

— Мен дайыларыма жазып жүрмен. Оның дайысы сизсиз. Ол сизге жазыўы керек еди, сизди умытпаўы керек.

— Соның менен, биз адасып кеткенимиз жоқ па? — деди әкеси баласына. Бийик жайдың тусына келдик ғой. Сирә, театр дегени усы шығар! Япырмай, сонда оның үйи қай топарда болғаны?

Тап усы мәҳәлде, қарапәрең бир жигит, қолына жиңишке шыбық алып, баласын алдына салып қуўа баслады. Ол жолаўшылардың тусына келгенде, қолынан шыбығын түсирип алды да, еки ийнин қысып, танымайтуғын адамларға қандай суслы көзи менен қарайтуғын болса, тап сондай етип бул екеўине қарады да, бир есикке кирип кетти. Оның шаққан қыймылдағаны соншелли, ақсақал аўзын ашып та үлгере алмай қалды. Оның ерниниң ушына келип қалған сөзи:

«Бизиң Нийетжандики қайсы еди?» Бул жерде ақсақалдың бойының узынлығы пайда етти, ол бойын созып, жигит кирип кеткен есиктиң төбесинен үңилди. Минекей, оның көзи өзиндей узын, арықлаўдан келген жийенге түсти. Оның қарсы алдында басын төмен салып, мүлайым келини келип тур. Келинниң түр-түси жийенниң ҳәр сөзине ренжигендей, ишинен азап шегип, қалтырап тур. Неге екени белгисиз, отағасының өзи де жийениниң сөйлеген сөзинен қорқайын деди. Сонда да, қулағын қойып тыңлап еди, ол мыналарды еситти:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сениң туўысқанларың еки күн қонаман деп, мениң он күнлик азығымды жеп кетти, — дейди жийен, қалш-қалш етип. — Сен оларға кеткен нәрселерди бостан-бос келди деп ойлайсаң ба? Сен күнде бир мәртебе қазан асар мәҳәлде, оның гөш емес, ақша екенин, мениң маңлай терим екенин ойласаң еди...

— Өзиңниң ше? Сениң туўысқанларың келсе де, соны ислейин бе? — деп сорады жийен келин.

— Мениң, сениң дегенди сен қайдан шығарып жүрсең? — деп кейиди жийен. — Усыны ҳәммеге де исле деп айтқаным қашан еди! Расын айтсам, менде туўысқан жоқ!...

Дайысы көзин жума қойды. Оның әтирапын думан қаплап кеткендей, қапырықлаў бир жерге кирип қалғандай, деми жетпей баратырған еди. Адамның жанын түршиктиретуғын бундай сөзге үйренбеген ғарры, көкирегин шалаға өртетип, ишинен нәлет айтып, кейин қарай шегинип кетти.

Оның өкпесин айтып жеткериў ҳеш мүмкин емес еди.

## ШАТАСҚАН ОЙЛАР

Қолынан өнери тамған, жасы елиўден өтип баратырған, қара сақаллы, ат жақлы, шымыры денели, уста — Өтенияздың есигин азанғы шайдың мәҳәлинде биреў келип қақты. Оның қағып турған есигинде адам жоқ еди. Уста бала-шағалары менен басқа бөлмеде отырған еди. Өзи сыртқа шығып, келген адамды қарсы алды.

— Өтенияз устаның үйи усы ма? — деп сорады келген жигит. — Бир қаланың ишинде турсақ та, билмейди екенмен, кеширерсиз, сораса-сораса, ең ақырында таптым-аў.

— Үйге кириңиз, — деди уста, жай ғана мүлайым даўыс пенен. Сол излеген адамыңыз мен боламан.

— Өзим де сезип турман, — деди жигит қалың ернин жалап қойып. Келген жумысымды сезип те турған шығарсыз. Ҳәзир қыс айы ғой. Япырмай, мына күнниң сирә түбелеги түскен шығар! Усындай да суўық бола ма екен! Аўа, келген жумысым онша қыйын емес, ол сизиң қолыңыздан келеди. Ҳаялым «Мурат, жуўыр, усы қарада уста атамыз бар, соны ертип кел, бала-шағаны аязлатып алармыз», — деген еди. Излей-излей,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ақыры таптым-аў. Излесең табылмайтуғын зат бар ма, өзи?

— Соның менен, сизге не керек?, — деп сорады уста. Тоңып қалыпсыз ғой, жүр жайға кирейик.

Мурат үстиндеги қарын қағып, бөлмеге кирди, жайдың үлкен еки айнасы, дийўалға тутылған еки ақ шашақ гилеми айрықша сән берип турғандай. Жигит тамағын бир кернеп алды да:

— Жаңа, сиз не керек деп сорадыңыз ба? — деп баслады, сөзин ол. — Бизиң де тап усындай жайымыз бар. Бирақ, пеши тартпай, түтеп тур. Соның бир илажын сизди биледи дегенди айтты, соған келип турман.

— Қыстың күни печь түтегеннен жаманы жоқ, — деди, өз кәсибин сүйетуғын уста. — Тоқтап турыңыз, мен жумыс кийимин кийип алайын.

— Тезирек кийине көриңиз, — деп асықтырды Мурат. Бала-шағалы адамман. Олардың суўыққа тоңғанын көргим келмейди.

— Мен тайын болдым, — деди уста. — Ал, баслай бериңиз, үйиңиз онша алыста емес шығар.

— Алыс қайдан болсын. Усы қаланың иши ғой, — Мурат жолға шыққан ўақытта: — Айтпақшы, уста ата, сизге бир сораў: мийнет ҳақыңыз ушын неше сом бериў керек?

— Бергениңди бересең дә, оның үстине, жумыстың түрин көргеним де жоқ ғой.

— Ол солай ғой. Сонда да аўзыңыздан бир лебизди еситким келип тур. Артық болар, кем болар, бир нәрсени айтсаңыз, жақсы болар еди.

— Сондай сымбаты келген жигитлерге пулсыз-ақ ислеймен, — деди уста уялыңқырап. Усы күнге дейин ҳақымды ҳеш ким де жеген емес. Ол не дегениңиз... Бергениңди өзиң берерсең дә.

— Ол жериңиз жақсы екен, — деди Мурат. Бул мәҳәлде жайма дуканлардың қасына келип қалып еди. Бирақ, сонда да, лебизиңизден шыққан сөзди еситиўге қумарман.

— Бул не дегениңиз. Жумыстың түрин көрмей турып, айтысыў уят қой сирә...

— Мейли. Онда өзим-ақ...

Мурат жол бойында киятырып, устаға беретуғын ҳақысын ишинен есаплады: «Он сом берсем қәйтер екен? Азырақ... Он бести атып көрсем?... Тоқта!» Жи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гит жайма дуканларды көзи менен тағы бир шолды. Сонда есине жаңағы устаға беретуғын ақшасына қанша арақ келетуғыны түсти. «үш рюмка келеди екен-аў», — деп ишинен тамсанды. Оннан кейин аўзына түскен бир сөзди айтып жүре берди:

— Үш... үш...

— Үш рет дейсиз бе? — деп сорады буфетши, жулып алғандай етип. Сизге ақтан үш рет қуяйын ба?

Мурат жайма дукан деп буфеттиң тусына келип қалғанын жаңа сезди де, устаға бир қарап қойып, буфетшиге «мейли» деп салды. Сөйтип, рюмкалар биринен соң бири шыңғырлап, Мураттың өңешинен өте берди. Көзи дөңгеленгенше ишти. Уста: «қой шырағым» деп еди, «сен кимсең? Мени кешеден бери аңлып жүрсең, мен оны билемен!» деп шалқайды, жигит. Уста кетип қалды. Ал өзи бир мүйешке тығылды да, кейпи тарқағанша жатты. Түс аўа үйине келсе, баяғы печь еле түтеп, жайының иши бурынғыдан да бетер екен. «Бул қалай? — деп ойлады Мурат. — Мен устаның ҳақысын төлеп едим ғой. Оңламағаны қалай!?»...

— Әй, Бийбиайым! — деп сорады ол, — үйге уста келди ме, жоқ па? Мен оған ҳақысын төлегендей болып едим, неге печьти оңлатпадың?

— Сениң не ислеп жүргениңди қайдан билейин! — деди ҳаялы әбигери шығып. Бул үйге келген устаны көргеним жоқ.

— Жоқ, ҳақысын бергенмен, — деди Мурат екиленип. — Мен оның ҳақысын үйге жақынламай-ақ төлегенмен.

— Жоқ, уста келмеди, — деп безилдеди ҳаялы. Ҳақысын үйге жетпей-ақ төледим дейсең бе?

— Аўа! үйге жетпей-ақ төлегенмен. Он бести айтқанман.

— Ал, уста қайда? — деп сорады ҳаялы. — Мынаны күн деп отырсаң ба? Ала түтин, көзинди ашсаң болды, моншақ-моншақ жас төгесең.

— Мен соны билип, ҳақысын күни бурын төлегенмен, — деди Мурат. — Тоқтап тур, ол ғаррының алған пулын көзинен шығарайын. Алдайтуғын адамын тапқан екен.

— Қайда кеттиң?

— Устаның үйине бараман. Я жумыс ислейди де, я алған пулын қайтарады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мурат ашыўға буўлығып устаның үйине кетти. Жолда киятырып, тағы ақылына келди де «қатты сөйлемей-ақ түсиндире аламан ғой. Мүмкин бир асығыс иси болып қалған шығар!» деп ойлап, устаның үйине келди. Бул мәҳәлде уста өзиниң жайына нағыс салып атырған еди. Мурат жымыйып қойып:

— Ҳүрметли, уста ата! Сизиң усындай зәрүрли ис пенен қалғаныңызды билип, ҳаялымды жубатып келип турман. Мен кеширдим. Қолыңыз қашан тийеди? Я берген пулым күйип кете бере ме?

— Өзиңниң есиң дурыс па? — деди уста ашыўға буўлығып. — Сен маған ҳақыны қашан, қай жерде төлеп един? Бәлким, буфетке төлегениңди айтып турған шығарсаң?

— Жоқ, уста ата. Сиз алжасып турсыз. Мен сизге ҳақыны буфетке жетпей-ақ төлегенмен.

— Не дейсең?

— Расын айтқанда, мен сизге ҳақыны жолда-ақ төлегенмен. Онды берсем қәйтер екен дедим өзиме өзим. Қой, бул азырақ болар, он бести атып көрейин дедим де... бергенмен... Ал, өтирик деп көр-ши.

## ДӘРТЛИ

Қалалық милиция бөлиминде ислейтуғын киши лейтенант Әўезмурат Төребаев, өзиниң постына кетиў ушын үйинде таярланып атыр еди, биреў үстине басып кирди.

— Сизге не керек?

— Бахытымнан айналайын, — деди келген жигит, — сен мени таныйсаң ғой, Айтбайдың жийени, Бийбайша кемпирдиң маңлайындағы жалғыз баласы Сәрсенбай боламан. Жаңа үйден шығып киятырсам, бир топар, қызлар, институтқа қарай кетип баратыр екен. Еле жете қойған жоқ, сыртынан көрип қалдым, олар бурыў жол менен кетти, мен дүзиў жолдан олардың алдынан ораламан ғой...

— Ал сонда не болады!

— Сондағы болатуғын исти айтыў ушын келип турман, жан аға, түсинесең ғой. Бизиң аўылдағы Арысланбай да көзге көринбей жүрген-ақ бала еди, бир күни армияға барып, келди де, адам болып шыға келди. Үйленди. Ҳәзир өзлеринен бир ул, бир қыз бар. Мениң менен түйедей жас. Быйыл 25 ке шығады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мени не ушын иркип турсаң, усыны айтыў ушын ба?

— Қудай сақласын, сени иркейин деген ой менде жоқ, аға. Жаңағы қызларды айтаман, олар еле жете қойған жоқ. Сен аға, бүгинше постыңызға бармай-ақ қоя туршы, маған сизиң мына формалы кийимлериңиз зәрүрли болып тур.

Киши лейтенант Сәрсенбайға таңланып қарады да, бир аўыз сөз айтпастан кийине баслады. Жигит еки қолын теңдей жайып, оның алдын кес-кесследи.

— Жан аға! — деп жолына шығып жалынды ол. — Мени аямасаң да үйимдеги кемпир шешемди/ая, үй жумысы жанына батқаны сондай, күнде бир мезгил жылап-сықлап алады. Сениң де басыңда тап мендегидей аўҳал болса, сениң шешең де жылаған болар еди, үйленип алған соң оның басына бармайсыз ғой, солай ма, шамасы солай ғой. Деген менен маған мына кийимиңизди берип турыңыз, бир күнге емес, бир саатқа бериңиз, изин өзим билемен.

— Өзиңниң есиң дурыс па, жоқ па, — деди киши лейтенант қатты ашыўланып, — мен саған буны қалайынша беремен, оның үстине постқа кетейин деп турман.

— Соныңды қоя туршы, — Сәрсенбайдың көзинен жасы айналып, — бир күнге аўырған бол да қой, саған қайсы доктор справка бермейди, қорқады ғой...

— Ақмақсаң, Сәрсенбай, ақмақ сеннен артық болмайды.

— Қалайынша? Сонда жаңағы қызлардың кетип қалыўына сиз де тилеклесписиз? Олар кетип қалады ғой.

— Сениң өзиңе не керек? Тоқетерин бир айтшы?

— Айтсам, көп аўыз көп сөйлейди, аз аўыз аз сөйлейди. Мениң басыма усылардың сөзиниң бирде-бирсүи әўелги жыллары кирмейтуғын еди. Қарасам, өзимниң қатар-қурбыларым турмыс қурып, үйленип атыр. Келши, мен олардан кеммен бе, деп топырағы торқа болғыр, Қутжанның қызына сөз салып көрип едим, қайқы белли бир жеңгеси сен еле баласаң ғой, оның үстине ушатуғын көлиң, қонатуғын жериң де жоқ екен деп, бийкешин бермеди. Арадан еки ай өтти. Еки ай-ақ! Биреўге тийипти деп еситтим. Сондай формасы бар биреўге усайды. Соннан кейин де мениң атым жорға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап кете бермеди, ал жолдасларымның бәри бала-шағалы болды. Қәнекей, қудайлығыңды айтшы, усы дурыс па?

— Буны маған неге мақуллатып турсаң? Бар да шешеңе ойлас.

— Ойласқанман. Айтатуғын сөзи жоқ. Кимди қәлесең, соны ал, тойыңды өзим көтеремен дейди.

— Ал, неге үйленбей журсең?

— Үйлениўге болар еди. Бирақ мынадай формалы кийим табыла ғойса...

— Ақмақпысаң, кимсең, — деди киши лейтенант ашыўланып.

— Саған не керек өзи?

— Маған керек нәрсени жаңа айттым ғой, жан аға. Сиз бир күнге аўырған болыңыз, маған мына кийимлер керек боп тур.

— Не ушын?

— Не ушын дейсиз бе! Енди қалай түсиндирсем екен? Жаңа айттым ғой, бир топар қызлар кетип баратып екен деп.

— Усы кийимлерди кийип барып, сол қызларға сөз салмақшымедиң?

— Берекет тап, — деп қуўанды Сәрсенбай, — ойымның үстинен түстиң, жан аға. Олар бурыў жол менен кетти, ал мен алдын орайман да сулыў биреўине қарап көзимди қысаман, сөйтсем қасыма келеди. Келмей не қылады. Алтын пагон, қынамалы шинель, маңлайымда бес жулдыз өзиме жарасып, үлкен исте екенимди дәлиллеп турған соң, қыз қаша ма? Келгенин билмей қалады ғой, бәлким баратурған жағында есинен шығарар!... Аға, сиз маған бир жақсылық ислең, бир күнге аўырған болың да жатың.. тойдың ўағында түргелерсиз...

— Не қылған той?

— Жаңағы қыздың тойы да, оны үйге апармайман ба?

— Қой, үниңди шығарма!

Жигит аўзын тарса жумды да, жарқыраған пагон менен дөнип турған шинельге қарап қойып, көзин тағы да жыпылықлата баслады.

— Беретуғын болдыңыз ба, — деп сорады ол, шыдамы кетип.

— Ақмақсаң Сәрсенбай, сен барып турған ақмақтың әкесисең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит көзин бақырайтып, сыр уғатуғындай боп қалшыйып, турды да қалды.

— Қалайынша? Сизди өзиме иш тартатуғын адамларымның биреўи деп сайлап, айтып турғанымды билмейсиз бе? Болмаса сезгиңиз келмей ме... мәселен...

— Тоқта, журтты буншама неге жолынан иркесең?

— Ондай ой менде бар деп ойлағанға ҳайранман. Бир-биреўге усындайда қол ушымызды бермесек... өлген соң...

— Көп сөйлеме! Әй, Лафшат, мына есикти қулыплашы, — деди ең ақырында киши лейтенант даўыслап, эх, мен көп иркилип қалдым-аў.

— Усындай келиншеги бар киси, — деп мыңғырлады Сәрсенбай, есикти қулыплаўға келген сулыў келиншекке қарап турып, — биздейлердиң дәртине түсине ме.

## БАЛЫҚШЫ ЖИГИТ

Аспан көк-көмбек болып, Аралдың қара көкшил теңизин шымылдықтай төбеден жаўып тур. Буйра толқынлы теңиздиң үстинде ҳәўлирип, суўық самал еседи.

Толқынлар самал менен айқасып, ысылдап, шаўылдап сес шығара баслайды, ашыўлы толқынды самал алдына салып қуўып жағаға апарып урады. Усы толқын қыр жағада турған сейнерди[1] шайқап, бесиктей тербетеди. Якорь шынжырының сести менен суўдың шаўылдысы қулақты жарады, узақта жол тартып жүрген катерлердиң даўысы менен комбинаттың гудоги көк-көмбек аспанға көтерилип, көп жерден сести қулаққа шалынады.

Сейнер, кеме, катерлер теңиздиң үстинен жол салып, суўды ийримлетеди, тыныш теңиз мысалы гилемдей төселип жатса да, буйра толқын аспанға шапшып, кеўилге әлле қандай қорқыныш сезимин пайда етеди.

Адамлардың даўыслары кеўилли ҳәм жигерли шығады. Олардың ислеген ислери қызықлы болып көрине береди. Сейнердиң даўысы менен жарысқандай, арасында шадлы жигитлердиң күлкили ҳаўазлары шығады.

Жүриўге таярланып турған сейнердиң палубасында арман-берман жуўырып жүрген балықшылардың булшық етлери, өзлериниң батыр күшлерин дәлиллеп беретуғын, ғайрат жигерин көрсетип турады.

---

[1]. Сейнер — балық аўлайтуғын моторлы кеме



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳаўа таза. Аспан барған сайын ашыла берди, қаҳарман адамлардың мийнет жигери артып, көзиңди қызықтырады. Оларға қараў қызықлы ҳәм кеўилли. Теңиздиң салқын жәнe таза ҳаўасы мурныңды жарады, өкпеңди толтырып, бойыңа дәридей сиңеди.

Теңиздиң үстинен тынышлық, рәҳәт пайда болғандай сезиле баслайды, музыка даўысына усаған ҳәр түрли қуслардың сести айрықша шығып турады. Мине олар ушып жетиўге таяр турған тынышлық қуслары, теңиздиң толқынын қанаты менен кесип өтип, суўды шаппатлайды да жылдырымдай теңизге бойын таслап, атылған оқтай аспанға қайта ушады.

Мине, шығыс жақтағы теңиз бети жанып баратырғандай қып-қызыл мақпал түсине бөленди. Бир бөлек отта жатқан полат сыяқлы аспан жийеги қызарып кете берди. Теңиз үстинен жалын лапылдап жанып келмекте. Буйра толқынның арасында оқ жылан сыяқлы ийреңлеген сызық көринеди, теңиз суўы таўланып, бүкленниўи менен сол қызыл оттың жалынынан ләрзем алғандай өзиниң түсин өзгертип жиберди.

Бир топ сарғыш қамыстың үстинен ийегин артып қуяш көринди. Бул қуяштың нуры еркин бахытлы мийнет пенен байланыс жасағандай сәскеликтиң мол жарығын әлемге түсирди. Усы жақты нур жағада турган сейнердиң айнасына еркин түсип, оның гүмистен тоқылған гилемшедей палубасын нур менен жапты.

Жағада турған қос өрнекли сейнер дүңкилдеп даўысын шығарыўдан, айнала дөгерегин қоршап алған толқынға айбат етип, оны бир қанша бөлеклерге бөлип, жағаны быжылдаған ақ көбиклерге бөлип, бираздан соң ходқа кетти. Усыдан кейин, теңизди пышаққа гилип, алдына қарай пәтленип жүре баслады. Ал, теңиз болса демин ишине тартып сейнерди аўдаңлатып оны сынағысы келгендей теңселтип қояды. Күш сынасып киятырғандай екеўи де бир-бирине тиреседи. Сейнер алға умтылыў менен болды.

Кормда[1] турған адам алдына қарап суў астының картасын ядына түсирип киятыр. Мине қарашалаң...

[1]. Корм — Сейнердиң артқы жағы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

енди тақырлық... жоқ... қалың буйра шалаңның үстинен сейнер жүрип өтти.

Балықшыларға, теңиз сырын бергиси келмегендей аўдарылып төңкериледи, гейде теңселип барып төселген кийиздей жайылады, кейин ойылып, бар күши менен ишин өзине тартады. Сол ўақытта сейнер ойға түсип кеткендей болады. Майда, ири толқын ернегине урып, палубадан төмен сырғалып түскен суў жанған қарағай ағаштай шытыр-шытыр етеди.

Сейнер қаншелли аўдаңлаған менен рульде турған жас жигитте ҳаўлығыў белгиси сезилмейди. Ол компасқа үңилип бағытты оңға, гә солға дүзеп отыра берди. Оның күнге күйип пискен бети ҳәм мойынлары теңизге үйренген әдетин көрсетип турғандай. Ақыл-ойы, терең теңиздиң сырын табыўға бейимленип, ғайратлы қолының ҳәр бир саўсағынан оның жигерли екени айқын көринетуғын еди. Плащына толған суўға да қарамай Аймурат сейнери менен теңизди қақ ортасынан бөлип зытқытып киятыр. Ол ҳәр ўақыт бир нәрсени аңлағандай болып жүреди, ал сейнери усы қатты жүриси менен басқалардан айрықша көрер көзге ертерек түсетуғын еди.

Еле шабақтың сезиги көринбейди. Кормда турған адамның деми қысылып тақаты болыңқырамай Аймуратқа бир нәрсе дегиси келип еди, бирақ самал оның бойын бийлеп жаңа аяқланған баладай қалтылдатып қояды. Усыған да итибар бермей мийи айланғандай болып рульдиң қасына келди де сөз баслады.

— Демек, жүре беремиз ғой?

— Жүре беремиз, — деди Аймурат жай даўысы менен еледе бес-алты километр жүриўге тийислимиз. Бүгин шабақ услаўға мүмкиншилик бар. Айтпақшы, сен бизге балық та қуўырып берерсең Сейтбек.

— Берермен-аў. Бирақ, самал қаттырақ... деди де сөзиниң изин айтпай тоқтатты. Оның қорқып турғанлығын Аймурат та сезген сыяқлы.

— Әй, сөзиң бар болсын Сейтбек қорқып турғаныңба? — деп күлди, Аймурат рулин сәл оңға таман бурыңқырап. Сораўы жуўапсыз қалса да мына рульде турған жигит итибар бережақ та емес, қорқажақ та емес

Аймурат теңизди жасынан жақсы көретуғын еди, санаўлы саррас он жылдан бери балықшылық промосслы артелиниң ғайратлы ағзасы. Оның шексиз алып



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушқан кеўли менен жүрек сыры бир түсилип, қустан да тез ҳәрекетте аспанды шарықлар еди. Өзиниң сүйетуғын ана теңизин бирдей адамның жәбирлеп сөйлегенин тилемейди. Мине, ол өз жолдасы Сейтбектиң теңизге жақсы үйрене алмай қорқып турғанына ызасы келди.

Теңизден Аймурат ҳәр ўақыт өзине рәҳәт табатуғын еди. Оның жүреги сәл ызаланса, тынық суўды, ҳәўлирген толқынды көрип, қустай қанат қағатуғын еди. Шарық урған жалынлы жүреги аспан менен қол усласқандай сезимин билдирип, қыйыншылық пенен ызалы қайғы ҳәсиретти умыттырып жиберетуғын еди Бәрҳама таза суў оған ҳүрмет пенен қарап турғандай сезиледи, ол сол суўдан өзиниң қуўанышлы ҳәм бахытлы өмири ушын пайда келтирип киятыр.

Аймурат жолдасының сөзине итибар бергиси келмей, сейнерди алыс жолға гөзлегендей басын нағыз самалға қарсы туўрылап, рулин беккем услады. Бунысы өз ойымды ҳеш ким де буза алмайды дегени еди.

Жолдасы Сейтбек оған жан түршиктиргендей жымыйып қарады да:

— Өлимге баратырмыз, — деди даўыслап. Аймурат шоршып кетти.

— Сейтбек! Орныңа барып тур! — деп даўыслады ол. — Сен маған командир емессең мақсетимди бузба. Бизге даңқ ҳәм бахыт бар деймен! Қормға!...

Бирақ, ол рульди қалай айналдырғанын да сезбей қалды, ҳәттеки мына жигиттиң ҳәр сөзди бир айтып басын қатырып турғанына жаны күйип-писе берди. Енди не ислеў керек екенин де билмей тур.

Аймурат ашыўланып және әўелги айтқан сөзиниң изине мыналарды жалғап айтты.

— Сейтбек еситтиң бе? Иркиниш жасама деймен. Бул жумыс деген. Балық аўлаў, теңиз жаны, алда болыў — қорқынышты елестирмеў ҳәм оны жеңиў керек екенин айтады. Көрерсең азырақ ўақыттан кейин даўыл да пәсейеди. Сейтбек жуўап бермеди.

Сейнер көтерилип басылып теңиз бетинде толқынға еркелегендей зытқып киятыр. Бир неше минутқа дейин толқынның ишине кирип, кейин суў бетине және қалқып шықты. Әўелги Сейтбектиң жуўап бермей үндемей қоярқойғаны, бул оның қасарысып турғанының



www.ziyouz.com kutubxonasi

белгиси еди. Ол қанша қасарысқаны менен болып атыр ма, командир айтқанын ислетпей де қоймады.

— Таярла! — деп команда берди Аймурат.

Қормдағыларға қашшан-ақ түсиникли еди. Сонлықтан жылымды суўға жибере баслады. Теңиздиң қушағына кирген жылым созылып терең теңиздиң түбине қарап батып кетти:

Аймурат пуқталық етип:

— Абайлаңлар, торды жыртып алмаңлар, — деди.

— Аймурат усы ўақытта рульди жай бурап қойды да бүгилип ийилген сейнерди өз бағытына қарап туўрылап отырды.

Машина бир қәлипте теңселип, пәтин жаздырмай жүрип тур. Ишине суў кирмеў ушын бортты брезент пенен жаўып қойды, тек болғаны палуба үстин суў жуўып-шайып қайтадан теңизге шаўылдай баслағанда, Аймурат рульди оңға таман айналдырып турды. Бул самал сейнерди ыққа қуўып кетпесин деген пуқталығы еди.

Жылымның қалқылары биресе батып, биресе көринип турды, үстине байланған бочка қулаш урып жүзген адамдай толқынды шаппатлайды. Аймурат зейин қойып жылымның суўға түсиўин көзден өткерип еди. Енди, келиўин қарап тур. Бир қәлипте жүрген сейнердиң жүриси кеўлине унағандай болды.

Бул гүз айының иши болатуғын еди. Суў суўып ойламаған жерден самал да ғәзебин тиге баслады, қолды суўық қарыйды, бетти самал жалайды. Аймурат бәрин де елестирмейди, өз исине жигерлилик пенен талапланып киристи. Қәйтсе де балық услаў керек. Мине, бир қанша жүз центнер мәмлекетлик балық аўлаў жобасы оның мойнында турыпты. Сол ушын абройды қолынан жибергиси келмейди. Көпке жүзин жарқын етип көрсетиўди ойлайды. Мине усындай патриотларды жазыўшы да жазғысы келеди.

Бирақ Аймуратты жас балықшы жигит Сейтбек қорқақлық етип албырата бермекши болады. Өйткени, ол теңиздиң терең сырын аз билип, аз түсинетуғын еди. Ол ояқ-буяғы үш айдан бери ғана сейнерде ислейди.

— Бочка[1]! — деген даўыс шықты.

---

[1]. Бочка — жылымның үстинде бочка болады. Бул шонтай торға балықтың киргенин бир-бирине жақынлағаны менен сездирип турады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аймурат зейин қойып бочкаға қарады. Ол бирте-бирте екн арасын жақынлатып, бир қуўаныш сезимин жүрекке билдиргендей болды. Буны анық көрген жигит, көкирегин кернеген қуўаныш сырын қалай болса солай айтып жиберди.

— Күтә жақсы жигитлер! Бахыт қонайын деп тур. Бул жеңис!...

Сейнердиң даўысы пәсейе баслады, жүриси әсте-ақырын суўды толқынлатып барып тоқтады. Аймурат жылымды тартып алыўға буйрық берди. Кормдағы көтергиш пенен жылым тартылды. Қәпелимде тордан бир қанша жүзлеген балықлар ойнап шықты. Туўлаған ийрими гилемниң нағысындай из салады.

Жылымдағы балықлардың бәри сүзип алынып, трюмге салынды. Айтмурат оннан кейин де сейнерди ирикпей және алдына қарай жүргизе баслады.

Сейтбек сейнер жүриўден-ақ алдыңғы локтың[1] ишине кирип төрт шабақты қыршыды. Жақсылап ишки шоғалын алып таслады да табаға май қуйып жиберди. Лок ишинен быжылдаған майдың ийиси аңқып кетти. Ол шабақлардың 4 — 5 жеринен кесип майда дуз септи де табаға салып жақсылап қуўырды.

Қызарып, писип шыққан шабақларды олар жыйналып отырып, булка нан менен жей баслады. Аймурат уўылдырықлы шабақтың тикенлерин бир жерге ажыратып қойды да сүйсинип жеди. Оған Сейтбек ызаланғандай болып қарады. Өйткени, ол әлле қандай болар екен, басым айналмаса болар еди дегендей қорқынышта отыр еди.

— Қорқасаң ба? — деп сорады Аймурат. Сейтбек илла деп аўзын ашпады.

— Сум бала, — деди Аймурат әўелги сөзиниң изин даўам етип — мийнетсиз нан табыў, ол биреўге жала жаўып алған дүнья менен бара-бар. Еситтиң бе?

— Еситтим Аймурат. Бирақ, көзсиз ислеген исиңизди мойынлаўыңызға да болады.

Аймурат оның бул сөзине күлип жиберди. Бул күлкиси мойынлағаны емес, өзин «көзсиз» деп Сейтбектиң таққан айыбына таң қалғаны еди.

— Мийиң айналды ма?

— Жатайыншы! — деп Сейтбек мәниссиз.

---

[1]. Лок — Сейнердиң алдыңғы бетиндеги кишкене жай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жоқ, — деди Аймурат оған ақылын айтқысы келип оннан сайын истен шығып қаласаң, ал жүр таза ҳаўада дем алайық!

Олар палуба үстине шықты, ернек темирди услап Сейтбек киятыр. Бет алды солғын тартыңқырады, аратура ашшы пыязды басы айналғанлықтан ийискеп те қояды.

— Ийиске сум бала, — деди Аймурат өз орнынан тура берип.

Аймурат рульди қайта айналдырып сейнерди солға бурды. Бағыты елең де алға жүриў. Теңиздиң суўы қайтадан ҳәўлире баслады. Аймураттың бүгинги ойы тек ғана, қалып турған кварталлық балық аўлаў планын орынлап рапорт бериў ҳаққында болды. Мүмкин усындай жигер менен ислей берсең орынлап та қалар едиң. Орынласаң ол қандай ҳүрмет десеңши! Уллы байрам күнин жеңис пенен қарсы алыў, ол адам өмириниң қуўанышы емес пе? «Аўа, солай», деп Аймурат өзиниң саўалына өзи қысқа жуўап берди.

Сейнер шайқалып және теңселип ғана қоймай, балықшыларды да қалтылдата берди. Самал өз күшине минди. Бирақ қәйтсе де жылым салыныўға тийисли еди. Аймураттың усы ойлаған ойындай болып шықты. Жылым үсти-үстине салына баслады. Мине, олар сол күни услаған шабақ пенен сазанын приемға берип те үлгерди.

Усы кишкене қорқынышлы болмаған ҳәдийседен кейин күшли ескен самал менен айқасқан сейнер толқынның үстинде бир қанша бөлеклерге бөлинген из салып, пышақтай тилип, өз орны, жағаға келип тоқтады.

Усы ўақытта балықшы жигитимиз Аймурат: теңиздиң қақ-қақ бөлинген толқынлары менен тум-тустан сес шығарған шаўылдысы туўралы ядында қалдырғандай қорқынышлы ҳеш нәрсе таппады.

## 2

Аймураттың жыллық балық аўлаў планына тек ғана 15 центнер балық кем келди. Мине бүгин 4-декабрь. Көптен бери күткен және асығып жеткен байрам алды. Ертең байрам, салтанатлы күн басланады. Колхоздың клублары менен мектеп ишлерин безеп таярлық көри-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лиўде. Әне, еки келиншек қолтықласып дүканға да баратыр. Оның изинде бир қанша жаслар концерт залына қарай ырғалысып киятыр. Аўыл арасы байрам таярлығына толық кирискен. Жайлардың морыларынан бурқыраған қойыў түтин шығады. Әлле қандай аўқатлар таярланып атырған екен деген сезим келеди.

Бәринен де ең қуўанышлы нәрсе, Аймураттың планын орынлап, жүзи жайнап кеўилли байрамлаўында болып тур.

Бүгин азанда самал қатты турды. Диспетчерлер метерологияның көрсетиўи бойынша 4 — 5 балл даўыл болады, теңиздиң қысым күши көбейеди. Муздың қатып қалыў қәўпи бар деген сезимди қоса хабарлады.

Бирақ, Аймурат сейнерди көрсетпелерге қарамастан теңизге алып шығыўға буйрық берди. Сейтбек мойынтаўлық етип еди, оған: «Қала бер!» дегендей сөз айтқан соң онында ары келип, жолдасларынан бөлинип қалғысы келмей, сейнерге миниў менен болды. Изи неге әкелип соғатуғынлығына көзи жеткен емес.

Күн суўық. Ызылдаған самал қолды қалтыратып, бетти тоңдырады, суўды сықырлатып палубаға аяўсыз урады.

Баяғыдай емес, ҳәзир палуба үстине түскен суў муз болып тоңа баслады, арман-берман жуўырып жүриў де қыйынға түсти. Аяғың тайып ушып түскендей болasaң. Қапталдағы ернек темирден услап жүрмесең ушып түсиўиңе де гүман жоқ.

— Абайла, темирден услап жүр! — деген Аймураттың даўысы шықты. Сейтбек өткир көзи менен оған адырайып қарады да, өз наразылығын билдирди. Басқаларға бүйтип қараған жоқ.

— Қырып аласаң Аймурат!

Оның бул сөзи Аймураттың ядына кирип шыққан да жоқ. Соның ушын компастың стрелкасына қарап рульди бағытқа қарай бура баслады.

Өрге шыққан сайын, және де қорқыныш, және де тартысыў қәўпи дөнип кетти. Бир толқын өркешленип үйилип келди де сейнерди өзиниң қуўанышына қатты қысып турды. Сағынып қалған сыяқлы, сол ўақытта жер силкингендей, сейнер ушып кетти де кейин және алға илгериледи, ўақты-ўақты машинаның даўысы бөлинип[1] шығады. Сирескен сүмелек муз палубада бетер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

еки жақлаўға тоңа баслады. Қәўип астында қалған сейнер қыйналғандай бола береди.

— Қырып аласаң, — деди Сейтбек екинши мәртебе төңкерилген толқынды қолы менен көрсетип. — Қырып аласаң дедим ғой...

Аймурат өзине айтылып турғанын дәрҳал түсинди, бирақ қәпелимде толқын пәсейгендей болды. Бул әлбетте жақсы емес еди, өйткени суўда муз үйиў пайда болып, киятырғаны сезилди. Усындай қыйын жағдайда еплилик пенен сейнерди басқарған жигит:

— Ҳеш нәрсе де етпейди,—деп даўыслады жолдасларына «жылымды түсириңлер!» Кормада турғанлар бул буйрықты еки айттырмай жылымды суўға түсирди. Аўыр толқын астында қалған жылымның қалқысы да көринбей шөге баслады. Аймурат әлле қәйтер екен дегендей қарап, тигилип турды. Көзине жылымы да, қалқысы да көринбей және алыслап кетти. Айнымалы теңиздиң даўылы көтерилди. Уйысқан иримтик муз шаўылдап бузыла баслады, баяғыдай асаў толқын емес, бирақ иримтик музды бузып, шаўылдатып келген киши толқын болса да пәтли, үстинде сейнер қустай қалқып жүр. Усындай да мотор тоқтап қалмаса жақсы еди. Ойдағыдай, жоқ... мотор тоқтамады.

Айтмурат жылымды шығарыўға буйрық берди. Бул рет жылым менен бирге барлы-жоқлы балықшының қазан балығы шықты. Бул әлбетте жарытпайды. Демек, еле де алға жүриңкиреп салыў керек болды. Аймурат теңиз картасына қарап балықтың еле де ортарақта болатуғынын билди.

Бир қәлиптен өзгерис пәтке минип, сейнер толқыны менен айқасып гә үстине шығып гә астына түсип жүре баслағанда, Сейтбекте және албыраўшылық пайда болды.

— Апатқа ушыраймыз, қайтыў керек деп жалынды ол.

— Жоқ, — деп кесип еситти Аймурат. Оның тап усы бүгин көзи жеткендей планды орынлайман деген ойы бар еди.

Аймурат эсте ғана теңселип киятырған сейнердиң даўысына қосып Сейтбекке, өмир, турмыс туўралы оны қызықтыратуғын сөзлерди айтып қорқыўдан пүткиллей гүдерин үздириўди ойлап еди, бирақ оның бул ойын тәбият тосқынлығы бузып жибере берди.

Бираз жүргеннен кейин толқын күшейе баслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сейнер ериксиз күштен балықшылардың мийин айлан-дырды. Қәпелимде моторы да тоқтап қалды. Әне қор-қыныш жәпе тартысыў жаңа басланды. Аймуратқа ҳаўлығыў жаңа ғана пайда болды. «Растан-ақ толқын қыйрата ма? Бул не деген сумлық еди», — деп ойлады.

Моторист бир қанша минутқа мотор тоқтайтуғынлы-ғын айтты. Машинаның ишин тазалаўға туўры келеди. Майдың жүриў жолларына муз тоңа баслағаны туўа-лы хабар берди.

Бир қанша минуттың ишинде қойыў булт түнерип, аспанды қаплап алды. Түнерген булттың нәзери, ҳәм-мениң зейнин өзине аўдарғандай еди. Өйткени, усын-дай түнерип турғанда жаўын-шашында бола берегу-ғыны бар. Буны бәри де биледи, бәри де көрген.

— Кейин қайтыў керек, — деп бақырды Сейтбек, — опасызлық иследиң, — деп зарланып та қойды Аймурат-қа.

— Шыда, қорықпа! — деп даўыслады Аймурат. Суў палубаның үстине түсиўден-ақ цемент болып сырғанап муз болып, қата баслады. Буны көрген Сейтбекке не турыс, не сөз болсын жәнe албырай берди.

— Қайтамыз енди, — деди ол шыдамсызлық етип, — Қайтпасақ қурып кетемиз. Бала-шағалар да оннан соң бизге жоқ.

— Қорық па, — деди Аймурат. Бирақ, өзиниң усы кейинги бир аўыз сөзин албырағандай сезими менен айтқаны өзине билинип турса да, ҳеш кимге сездирме-йин деп мәртликке салып айтты жәнe рухын төмен түсирмеў жағына шықты.

Ары-бери шаққан қыймылдаған менен моторист тез бола коймады. Толқын ашыўлы келип урып кеткенде, сейнер қустай ушып кетеди. Аўдарыла жазлағандай болады. Сол ўақытта төңкерилип, түсиў қәўпи тағы да көзге көринеди, тағы да талас басланады.

— Қырыў ушын шықтың! — деди Сейтбек баяғыдан да бетер ызалы түри менен.

Аймуратқа усы сөз батып кетти, көкирегин қысып, қабырғасын қайыстырғандай кийими де аўыр болып кетти.

— Кәйтемиз енди, — алға дедиң де турдың. Ах, дос-тым-ай, — деп зарлана баслады Сейтбек. Бул рет эсге айтты, ойында келе қоймас па деген пикир бар.

Сырғанақ муздың үсти менен Аймурат жүрип мото-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ристке келди ҳәм оған жәрдемлести. Жәрдеми босқа кеткен жоқ, машина өз қәлпине келди.

Азырақ тыныспадан кейин сейнер ходқа кетти. Оннан соң дүңк-дүңк етти де. Жүриўге таярман дегендей қойыў түтинин бурқыратып шығады.

Сейнердиң жүреги менен изге қайтыў Аймураттың ойында болмады. Оның ойында дийдилеген жери бар. Мине, соғанда даўыл менен тартысып және таласып келип қалды. Усы жерде теңиз картасының көрсетиўи бойынша балық болыўға мүмкин деген пикири, ойын тоқтатар емес. Өзиниң усы ойын қәйтсе де әмелге асырыў ушын жылымды сала баслады.

Теңиз өзгеше бир қубылма қәлпине келди. Толқын шапшып ырғыды, әне наз етип еркелегендей болады. Мүмкин сейнердиң күшине буйрығы жетпейтуғынын билген шығар. Жоқ олай емес еди. Және суўдың уйыўы басланған еди, аўыр, салмақлы теңиз демин ишине тартып та қойды.

— Муз! — деген Сейтбектиң қатты даўысы шықты. Сөзин Аймуратқа қарап айтты. Бирақ ол тыңламаған соң Сейтбек шап етип Аймураттың рулине асылып «ағажан» кейин қайтыў керек» деп жалынды. Бул сәз де Аймураттың қулағына кирип шықпады. Соны сезди ме Сейтбек және нағыз қорқақтың өзи болып қалды да, жалына баслады.

— Достым... муз... өмир керек! Изге қайтайық. Мақул де? Апатқа ушырармыз... қорқып қалтырап баратырман. Ах, қорықтым-аў!

Ашыўы ҳәм арланып ызасы келген Аймурат қолындағы рулин сәл оңға қарап айналдырды да, өткир көзи менен Сейтбекке тикленип қарады. Ақырында оның қолын рульден жаздырып жиберип, орныңа бар деп буйрық берди. Усы ўақытта өзин ҳеш нәрседен қорықпайтуғын бир жаўынгер деп билди. Соннан кейин жаўынгердиң нағыз сөзин де айтты.

— Ақмақ! Сендей адамлар менен иследиў қыйын. Жағаға шығыўдан қуўып жиберемен де, қайтып жолатпайман, еситтиң бе? Сен ҳүрмет деген нәрсени билесең бе? Халық мәпи дегенге түсинесең бе? Тур жоғал, көринбе көзиме!

Сейтбектиң бул сөзге ызасы келсин деп айтып еди, ойындағыдай болып шықты.

Сейнердиң жүриўи пәсейген ўақытта көтергиш пенен



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылым шығарыла баслады. Ернекке тоңған муз сықырлап жылым торды да өзине жақынлатпай турды. Шонтай балыққа тәуир-ақ толы көринеди, сазанның қуйрығы суўды ийримлете баслады. Аймурат Сейтбекке қарап турып жай ғана даўсы менен:

— Көрдиң бе? — деп сорады.

— Көрдим, — деп жуўап берди Сейтбек шонтайдағы балықты қолы менен көрсетип.

Сейнер үйирине қарай бет алған айғырдай, сытылып приемға да келип қалды. Жол-жөнекей қасына толқын жолатқан емес, ыққа қулаған соң пышақтай қыйып кетти.

Олар балықларын бере баслады. Носилка үстине носилка көterилип, ақ шабақтың жарқыраған қабыршақлары шағыр тастай көринеди. Аспанды қойыў булт басып турған еди, кәпелимде биреў қолы менен сермеп, бултларды ысырып жибергендей күн нурының мол жарығы түсти. Буның жақты сәўлесин күлимлегендей бир неше носилкалардың үстине өз нурын төкти.

Айнала дөгеректе биреў ысқырып турғандай, самалдың ызылдысы еситиледи, палуба үстинде пухталық пенен жүрген Аймурат буны елегенде, еситкенде жоқ. Оның ойы планда. Қолы, көтерип тәрези үстинде қойған насилка менен бәнт.

Шилтерли жиптен тоқылған бесинши насилка тәрези үстине тартылып атыр. Бул изинде емес, алдыда емес, орта есапқа киреди. Өлшеп болған приемчик алдына алған узын ақ қағазға жазып болған соң, терийге төгиўге рухсат етти. Алтыншы насилка тәрези үстине қойылыўға тийисли екенин сезген приемчик бир бети есап цифрға толып қалған блокнотының екинши бетин аўдарып жазыўға қолайласты. Приемчиктиң қасына келип, кетип жүрген Сейтбекте, өзинше есаплап қояды. Умытып қалмайын деп счетқа салып қосып тур. Ең изинде қортындыласқан жалпы балық муғдары центнер есабы менен онлық ханадағы еки тастың бириигиўи менен бирақ шықты. Онлық ханадағы еки дөңгелек бир-бирине сарт ете қалғанда балық берилип болынды.

— 20 центнер, — деди Сейтбек приемчиктен бурын, Аймуратқа қарап. Ашыўлы жуўап емес, көкирегинде бир сырдың түйини бар адам сыяқлы жуўап берди. Қуўанышы кеўлинде жоқ емес сыяқлы сол қуўанышын усы айтқан еки аўыз сөзи менен-ақ сездирип турғандай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

көзи тесип баратыр. Шынын айтқанда кеширим сорап айтқан сыяқлы.

Усыны еситкен Аймураттың қуўанышы муздың асты геўлеп жалаған дәрьяның пәтли ағыслы суўындай еди. Сол қуўанышы менен Аймурат сейнерге минип атырып:

— Ўәдеден шықтық. Бирақ буған председатель не дер екен? — дей берди өзинше.

## 3

Кешки саат сегиз. Колхоз клубы айрықша безелген Оне президиум ағзалары столдың қасында толып отыр. Уллы байрам ҳүрметине пуқталық пенен таярланған баянатшы сөйлеп тур. Даўсы бир қәлипте ҳәммеге анық еситиледи.

Баянат питип жайлы-жайына ҳәр ким тарқаса бергенде колхоз басқармасы Примбетов пенен парторг Серназаров Аймураттың команда составын председательдиң кабинетине шақырды. Неге екенин ҳеш кимде билген емес. Председательдиң жүзинде ашыўдың белгилери көринеди. Әжим тартқан ақ қуба жүзиндеги майда жыйрығы бир нәрсени аяўсыз айтқысы келгенин, сорамай-ақ сездирип тур.

Бирақ оны ҳеш ким сезбейтуғын еди. Олар бир-бирине қарап отырды, оннан кейин парторг:

— Сизге қәўипли күнлери теңизге шығыўға ким руқсат етти? — деп Аймураттан сорады. Бул сораў Аймуратқа ерси болып көринди.

— Неси бар ақсақал, — деди Аймурат, — жағдай соны талап етти, демек теңизге шықтым.

— Мүмкин сиз, — деп салмақлы пишин менен сөйледи председатель.—Адамларды қырып аларсыз...

— Жоқ, —деди және Аймурат,—мен техникаға исендим.

— Руқсат керек пе? Ҳәр ким өз билгени менен кете берсин дегенди қайдан еситтиң?

— Демек мен, зыян иследим бе? Планымды орынладым ғой...

— Дурыс. Планыңызды орынладыңыз, — деди Серназаров сөзге араласып, — орынлаў керек еди. Бирақ, бизге адам баласы оннан да қәдирли. Есиңде ме?

Аймурат өзин беккем услап, теңизде ушыраған тә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бият тосқынлығын жеңгенине ишинен қуўанып турса да, соның менен бирге апатқа ушырап қала жазлағанына өкинип те тур. Өйткени адам баласы партия менен ҳүкиметимиздиң ўәкили болған мынаў алдында турған парторг пенен председательге сондай қәдирли екенин сезип, өзин айыплы деп билип тур. Сөйтсе де Уллы байрам күнине мойнына алған миннетлемесин орынлап шығып, усы ҳадал мийнетиниң даңққа жеткеретуғынын иштен сезип, келешегин ойлап, қуўанып және мапазды буннан да былай қыздырып жибериўди өзиниң ўазыйпасы екенин сезип, ҳәр бир мийнеткештиң бахты ушын жаралған партияның құдиретли күшине ырза болып, өзин тәрбиялаған усы партияға миннетдар екенин билдиргиси келип, және Примбетов пенен Серназаров алдында айыбын мойынлап, кеширим сораўды ойлап, көзин олардан алмай турып қалды. Аймурат председатель менен парторгтың унатып отырғанын да сезди. Бирақ, қалайынша өзиниң сезимин оларға билдириў жағына келгенде қыйналыңқырап турды да, енди ерегисти қойып жай сөйледи.

— Ақсақаллар, — деди Аймурат Сейтбекке бир қарап қойып. Сол ўақытта ядына оның толқыннан қорыққаны түсип кетти. — Кешириўиңизди сорайман, себеби мен сизден рухсатсыз кеттим. Бирақ мениң команда составым жарқын жүз бенен жетискенликлерге жетисип келип отыр.

— Күтә жақсы, — деп сөзин баслады Примбетов, — теңиздиң тилин билгенсең буныңа рахмет! Бирақ екинши көзсиз болма. Көзсизлик етип иске умтылыў батырлық емес, буны ядыңда сақла!

Парторгтың ойы да усыны айтыўды мақул деп таўып еди, бирақ оны Примбетовтың өзи-ақ айтты. Екеўи де иштен Аймуратқа ырза болып отырған болса, енди оған коммунист ағзасының шын ҳүрметин көрсеткиси келип отырды. Сөйтсе де Серназаров еле де сораўлар берип, оларды шынықтырыўға ҳәм өз жолдаслары менен дос етип тәрбиялайын деген ой менен:

— Қәне, Сейтбек!, — деди оны сынамақшы болып, оның қорқақ екенин бурында еситкен еди. — Сиз айтыңызшы Аймураттың бул исине қалай баҳа берер екенсиз?

Сейтбекке бул сораўды шешиў қыйынға түсти, өйт-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кени, бундай сораўды парторг береди деп ойына алып та отырған жоқ еди. Сөйтсе де ол өз келешегин ойлап, мәрт болып ўатан алдында ҳадал жүрек пенен ислеўдиң бахыт екенин билип, қуўанып және шадлы күлимлеп:

— Жолдаслар, — деп баслады Сейтбек өзиниң сөзин усы ўақытта сөйлегиш те, сезгирде болып кеткен сыяқлы, колхозшылар алдында турғандай қуўанады. — Жолдас председатель ҳәм парторг, — деп қайталады сөзин.

— Бизлердиң тәбият тосқынлығы менен гүрескенимиз рас. Бирақ, жеңдик, жеңгенде де көп қыйыншылықларға ушырадық. Еки қолым менен Аймураттың билегине асылып «аўылға қайтайық» деп жалындым. Ҳәзир ойлап отырсам мениң бул ҳәрекетим надурыс екен, егерде соннан мениң усынысым болып аўылға қайтқанымызда планды орынлай алмас едик. Бул бир жағы, ал, екинши жағына келсем: Аймурат жақсы истиң бетин ашты, бизлер қандай даўыл болса да балық аўлай беремиз: кимде-ким ҳадал мийнет етер екен ол өз өмирин сүйген адам. Мен Аймуратты мийнетти сүйген адам деп таныйман.

«Қорқақ» деген Сейтбектиң сөзи Серназаров пенен Примбетовты таң қалдырды. Және олардың кеўли де питип қалды.

— Жарайды, — деди Примбетов мыйығын тартып қуўанып сөйлеп орнынан ушып турды да. — Қәне, сизлердиң қолларыңыздан алып қутлықлаўға рухсат етиңизлер!

Мысалы, орақ балғадай болып олардың қоллары қуўанышлы түрде айқасты.

Оннан кейин орынларына қайтадан отыра бергенде Аймурат:

— Жолдас председатель, — деди өз ойын билдиргиси келип, партия менен совет ҳүкимети алдында, жумыс ислеўди өзимниң миннетли исим деп билемен. Соның менен бирге колхозымыздың экономика жағын буннан да былай беккемлеў ушын, ғайрат салып ислеўге сизлердиң алдыңызда ўәде мди беремен ҳәм тағы да көп балық аўлаўға сизлерди исендиремен!

— Олай болса, — деди Серназаров Сейтбек пенен Аймуратқа қарап, — сизлер балықшылар алдында өз миннетлемелериңизди айтып берсеңиз күтә жақсы болар еди!

— Айтып беремиз!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Оларды социалистлик жарысқа шақырамыз!

— Шақырамыз! — деп жигерли сөйлеп турған еки жигиттиң даўысы, жай ишин жаңғыртып, бир топар адамның даўысындай шығып турды.

— Жарайды, — деди председатель оларға ырза болып, оннан кейин қол саатына қарады. Саат он.—Байрам алды вечерди баслайық, жүриңлер жолдаслар!

Балықшы жигиттиң мийнеттеги даңқы, таң қараңғылығын жарып өткен қуяштың сәўлесиндей, тарамлана түсип, демде көп арасына тарап кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


| | |
|---|---|
| Мийримли бала | 3 |
| Пальто | 5 |
| Жағалы пальто | 8 |
| Жоғалған конфета | 9 |
| Телефон | 10 |
| Судта | 16 |
| Жийен | 19 |
| Шатасқан ойлар | 22 |
| Дәртли | 25 |
| Балықшы жигит | 28 |



Утеген Айжанов

«МИЛОСЕРДНЫЙ МАЛЬЧИК»

*На каракалпакском языке*

Издательство «Каракалпакстан»
Нукус — 1992.

Баспаға гүррицлерди таярлаған автордың қызы: Зубайхан Айжанова

Редакторы *Бекназар Ерназаров*
Художниги *Қыдырбай Нажимов*
Тех. редакторы *Оралбай Жумабаев*
Корректоры *Ақсынгүл Қарлыбаева*

ИБ 4415.

Терпүге берилген ўақты 12. 09. 92. ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 5. х. 92 ж. Қағаз форматы 84х108 1/32. Типографиялық қағаз №2. Әдебий гарнитура. Кегль №10. Колеми 1,375 б/т. 2,31 шәртли баспа табақ. Есап баспа табақ 2,32. Тиражы 4000. Заказы 241 Баҳасы шәртнама бойынша

«Қарақалпақстан» баспасы. 742000. Нөкис қаласы, Қ. Маркс көшеси, 9.

ҚР. баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50-жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, Қ. Маркс көшеси, 9.




www.ziyouz.com kutubxonasi